


BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analisis, téhnik talaah pustaka, studi dokuméntasi, jeung wawancara, kalawan pamarekan kualitatif. Métode mangrupa cara utama anu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data-data panalungtikan, kalawan ngagunakeun téhnik sarta alat-alat anu tangtu (Arikunto, 2013, kc. 203). Saterusna, Arikunto (2013, kc. 3) ogé nétélakeun yén métode déskriptif mangrupa métode panalungtikan pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, atawa hal-hal séjén anu geus disebutkeun, tur hasilna ditulis dina wangun laporan panalungtikan.

Dumasar kana pedaran anu ditétélakeun saacanna, dina ieu panalungtikan dianalisis jeung didéskripsikeun ngeunaan carita Pangéran Kornél dina vérsi sajarah jeung sastra Sunda, babandingan struktur carita Pangéran Kornél dina vérsi sajarah jeung sastra Sunda, sarta hubungan intertékstualitas (hipogram: ékspansi, konvérsi, modifikasi, ékserp) carita Pangéran Kornél dina vérsi sajarah jeung sastra Sunda. Leuwih telebna ngeunaan métode panalungtikan, dipedar saperti kieu.

3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan miboga fungsi pikeun nyangking hiji logika nu aya dina panalungtikanana. Désain panalungtikan téh nyaéta bagan guluyurna tahap-tahap panalungtikan anu ngagambarkeun léngkah-léngkah panalungtikan. Pikeun leuwih jéntré, désain guluyurna panalungtikan anu dilaksanakeun, bisa ditilik saperti kieu.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh dibagi jadi dua, nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Kegiatan munggaran anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tahap ngumpulkeun data. Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka, téhnik studi dokumentasi, jeung wawancara. Téhnik talaah pustaka mangrupa kagiatan niténan, nalaah, sarta ngaidéntifikasi bahan bacaan anu aya patalina jeung panalungtikan, téhnik studi dokumentasi dilaksanakeun ku cara néangan informasi tinulis saloba-lobana, saperti buku, dokumén, jurnal, éssay, jsb. Saterusna, téhnik wawancara digunakeun pikeun néangan informasi anu patali jeung topik panalungtikan ti narasumber anu geus ditangtukeun saméméhna. Téhnik-téhnik anu bieu ditataan téh sakabéhna

dipaké waktu néangan data anu dijadikeun patokan atawa cecekelan dina ieu panalungtikan.

Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nyaéta

- 1) nangtukeun sumber data;
- 2) maca carita Pangéran Kornél tina dua vérsi (sastra jeung sajarah), minangka sumber data utama anu dianalisis babandingan strukturna jeung intertékstualitasna;
- 3) nyirian bagian-bagian nu kaasup kana struktur carita tina dua vérsi carita Pangéran Kornél;
- 4) nyirian bagian-bagian anu kaasup kana data intertékstualitas;
- 5) ngalakukeun wawancara ka narasumber anu ngarti jeung paham kana carita Pangéran Kornél;
- 6) nyalin data anu kapaluruh ngaliwatan tabél céklis dokuméntasi, tabél cutatan, jeung instrumén wawancara nu geus dijieun jeung disadiakeun.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Objék nu ditalungtik nyaéta carita Pangéran Kornél tina carita sajarah jeung karya sastra novel *Pangéran Kornél* karya R. Méméd Sastrahadiprawira anu diterbitkeun ku Kiblat Buku Utama dina taun 2014. Sabada data dikumpulkeun, satuluyna dianalisis ngagunakeun téhnik: (1) analisis struktural Robert Stanton jeung (2) analisis intertékstualitas. Éta téhnik téh mangrupa cara pikeun nyangking jawaban tina pasualan-pasualan anu ditanyakeun.

Sabada data dikumpulkeun satuluyna dianalisis ngaliwatan léngkah-léngkah atawa tahapan téhnik ngolah data saperti kieu.

- 1) Maca jeung maham kana carita Pangéran Kornél tina dua vérsi.
- 2) Ngadéskripsikeun carita Pangéran Kornél tina dua vérsi (sajarah jeung sastra Sunda).
- 3) Nganalisis eusi carita Pangéran Kornél tina dua vérsi ngaliwatan babandingan strukturna.
- 4) Nyieun papasingan data dumasar kana struktur caritana.
- 5) Ngadéskripsikeun babandingan struktur carita Pangéran Kornél anu kapaluruh.

- 6) Nangtukeun jeung nganalisis intertékstualitas carita Pangéran Kornél tina dua vérsi dumasar kana data anu geus dikumpulkeun ngaliwatan talaah pustaka, studi dokuméntasi, jeung wawancara.
- 7) Ngadéskripsikeun bagian-bagian anu kaasup kana ulikan intertékstualitas carita Pangéran Kornél tina dua vérsi.
- 8) Nyieun kacindekan tina hasil analisis data.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Arikunto (2013, kc. 203) nétélakeun yén instrumén panalungtikan nyaéta fasilitas nu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data jeung ngolah data anu luyu jeung masalah anu ditalungtik, sangkan leuwih ngagampangkeun prosés panalungtikan kalawan hasil nu lengkep tur sistematis.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan dibagi jadi dua, nyaéta instrumén ngumpulkeun data jeung instrumén ngolah data. Pikeun leuwih jéntréna, bisa ditilik dina ieu pedaran.

3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, ngawengku: tabél céklis dokuméntasi (ngumpulkeun buku-buku anu aya patalina jeung panalungtikan); tabél cutatan (ngumpulkeun cutatan-cutatan anu nyampak dina eusi carita); jeung instrumén wawancara (ngumpulkeun data anu patali jeung objék panalungtikan ti narasumber anu bisa dipercaya). Pikeun leuwih jéntréna, panalungtik nyusun instrumén ngumpulkeun data saperti kieu.

Tabél 3.1
Instrumén Tabél Céklis Dokuméntasi

No.	Téma Buku	Judul Buku	Digunakeun	Teu Digunakeun
1.	Kabasaan/Basa			
2.	Kabudayaan/Budaya			
3.	Kasusastraan/Sastra			
4.	Pendidikan/Umum			

Tabél 3.2
Instrumén Tabél Cutatan Téma
Babandingan Struktur Carita Sajarah jeung Novel Pangéran Kornél

Téma	No.	Téma (mayor/minor)	Cutatan	Kode Data (É/KU/KC)
Carita Sajarah	1.			
	2.			
	jste.			
Novel	1.			
	2.			
	jste.			

Keterangan:

É: Épisode/Bagian/Bab

KU: Kode Urutan Data

KC: Kaca

jste.: jeung saterusna.

Tabél 3.3
Instrumén Tabél Cutatan Pengaluran
Babandingan Struktur Carita Sajarah jeung Novel Pangéran Kornél

Fakta Carita (Galur)	No.	Pengaluran	Kode Data (É/KU)
Carita Sajarah	1.		
	2.		
	jste.		
Novel	1.		
	2.		
	jste.		

Keterangan:

É: Épisode/Bagian/Bab

KU: Kode Urutan Data

jste.: jeung saterusna.

Tabél 3.4
Instrumén Tabél Cutatan Tokoh jeung Karakter
Babandingan Struktur Carita Sajarah jeung Novel Pangéran Kornél

Fakta Carita (Tokoh jeung Karakter)	No.	Tokoh	Sipat/ Karakter	Cutatan	Kode Data (É/KU/KC)	Kapanggih dina Kaca
Carita Sajarah	1.					
	2.					
	jste.					
Novel	1.					
	2.					

Fakta Carita (Tokoh jeung Karakter)	No.	Tokoh	Sipat/Karakter	Cutatan	Kode Data (É/KU/KC)	Kapanggih dina Kaca
	jste.					

Keterangan:

É: Épisode/Bagian/Bab

KU: Kode Urutan Data

KC: Kaca

jste.: jeung saterusna.

Tabél 3.5*Instrumén Tabél Cutatan Latar**Babandingan Struktur Carita Sajarah jeung Novel Pangéran Kornél*

Fakta Carita (Latar)	No.	Cutatan Latar (tempat/waktu/sosial-budaya)	Kode Data (L/É/KU/KC)
Carita Sajarah	1.		
	2.		
	jste.		
Novel	1.		
	2.		
	jste.		

Keterangan:

L: (Lt = Latar Tempat/Lw = Latar Waktu/Ls = Latar Sosial-Budaya)

É: Épisode/Bagian/Bab

KU: Kode Urutan Data

KC: Kaca

jste.: jeung saterusna.

Tabél 3.6*Instrumén Tabél Cutatan Puseur Implengan**Babandingan Struktur Carita Sajarah jeung Novel Pangéran Kornél*

Sarana Sastra (Puseur Implengan)	No.	Puseur Implengan	Cutatan	Kode Data (É/KU/KC)
Carita Sajarah	1.			
	2.			
	jste.			
Novel	1.			
	2.			
	jste.			

Keterangan:

É: Épisode/Bagian/Bab

KU: Kode Urutan Data

KC: Kaca

jste.: jeung saterusna.

Tabél 3.7
Instrumén Tabél Cutatan Gaya Basa
Babandingan Struktur Carita Sajarah jeung Novel Pangéran Kornél

Sarana Sastra (Gaya Basa)	No.	Gaya Basa	Cutatan	Kode Data (GB/É/KU/KC)
Carita Sajarah	1.			
	2.			
	jste.			
Novel	1.			
	2.			
	jste.			

Katerangan:

GB: Gaya Basa

É: Épisode/Bagian/Bab

KU: Kode Urutan Data

KC: Kaca

jste.: jeung saterusna.

Instrumén Wawancara
Tempat/Tanggal Wawancara:
A. Idéntitas réspodén
1. Wasta:
2. Asal/kalangan: turunan karaton, pamaréntahan, pangatik, agamawan, masarakat sepuh/tradisional, masarakat milénial*).
B. Poin-poin wawancara (bisa ditilik dina tabél pedoman wawancara)
Kat.: *) corét anu teu perlu.

Gambar 3.1 Instrumén Wawancara

Tabél 3.8
Padoman Wawancara

No.	Rumusan Masalah	Padoman Wawancara (Pertanyaan)	Réspon	
			Kajawab	Teu Kajawab
1.	Kumaha déskripsi carita Pangéran Kornél dumasar kana sajarah jeung sastra Sunda?	1. Cobi dongéngkeun carita Pangéran Kornél sauningana Bapa/Ibu, Akang/Tétéh!		
		2. Taun sabaraha Pangéran Kornél kumawasa? Saha waé tokoh anu aya hubungan jeung Pangéran Kornél?		

No.	Rumusan Masalah	Padoman Wawancara (Pertanyaan)	Réspon	
			Kajawab	Teu Kajawab
		3. Kumaha sosok bupati Sumedang Pangéran Kornél dina sawangan Bapa/Ibu, Akang/Tétéh?		
2.	Kumaha babandingan struktur carita Pangéran Kornél (téma, fakta carita, jeung sarana sastra) dina vérsi sajarah jeung sastra Sunda?	TEU DITANYAKEUN, SABAB UKUR STUDI PUSTAKA JEUNG STUDI DOKUMÉNTASI		
3.	Kumaha hubungan intertékstualitas carita Pangéran Kornél (hipogram: ékspansi, konvérsi, modifikasi, ékserp) dina vérsi sajarah jeung sastra Sunda?	4. Naha aya folklor, tradisi, carita rahayat, atawa mitos anu patali jeung carita Pangéran Kornél?		
		5. Upami aya, cob i caritakeun sauningana Bapa/Ibu, Akang/Tétéh!		

Keterangan: *Réspon cukup dieusian ku tanda (✓).*

3.3.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data analisis. Ieu kartu data ngébréhkeun data dina wangun sempalan-sempalan carita nu aya dina carita sajarah jeung novel sajarah *Pangéran Kornél* karya R. Méméd Sastrahadiprawira kana indikator anu baris dianalisis, nyaéta ngeunaan babandingan struktur jeung intertékstualitasna. Leuwih jéntréna, kartu data anu dipaké analisis bisa ditilik saperti kieu.

Kartu Data Analisis Struktural Robert Stanton	
<i>Cutatan:</i>	
	Kode Data:
Analisis:	

Gambar 3.2 Kartu Data Analisis Struktural Robert Stanton

Kartu Data Analisis Intertékstualitas	
<i>Cutatan:</i>	
	Kode Data:
Analisis:	

Gambar 3.3 Kartu Data Analisis Intertékstualitas

3.4 Data jeung Sumber Data

3.4.1 Data

Sakabéh unsur carita nu aya dina carita Pangéran Kornél mangrupa data dina ieu panalungtikan, utamana anu aya patalina jeung struktur ogé instertékstualitas. Data séjén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta buku sumber anu ngarojong, hasil wawancara narasumber anu geus ditangtukeun, jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna anu aya patalina jeung struktur ogé intertéktualitas.

3.4.2 Sumber Data


Sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék data nu dicangking (Arikunto, 2013, kc. 172). Saupama ditilik tina datana, sumber data ogé aya nu disebut sumber data primér jeung sékundér (Sugiyono, 2017, kc. 225). Sumber data utama panalungtikan kualitatif nyaéta kekecapan jeung tindakan, leuwihna mah mangrupa data tambahan saperti dokumén jeung réa-réa deui (Lofland jeung Lofland dina Moleong, 2012, kc. 157).

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta carita Pangéran Kornél tina dua vérsi: 1) vérsi carita sajarah, jeung 2) vérsi sastra Sunda. Tandesna mah nyaéta tina

sumber tulisan (buku *Sajarah Sumedang* karya E. Kosmajadi, 1994; buku *Rucatan Budaya Bumi Sumedang* karya WD. Dharmawan Wangsapurwacaraka, 1994; buku *Sejarah Sumedang dari Masa ke Masa* karya Nina H. Lubis, 2008) jeung fakta sajarah/hasil wawancara, sarta novel *Pangéran Kornél* karya R. Méméd Sastrahadiprawira anu mangrupa salasahiji novel sajarah nu diterbitkeun deui ku Kiblat, citakan anyar dina taun 2014, 151 kaca.

3.4.2.1 Idéntitas Buku Sajarah jeung Novel Pangéran Kornél

1) Idéntitas Buku *Sajarah Sumedang* karya E. Kosmajadi



Gambar 3.4 Jilid Buku *Sajarah Sumedang*

Pangarang/Nu Nulis: E. Kosmajadi
 Taun Terbit: 1994, citakan kahiji Mitra Pustaka Sumedang.
 Jumlah Kaca: -
 Warna Buku: héjo, biru, beureum.

2) Idéntitas Buku *Rucatan Budaya Bumi Sumedang* karya WD. Dharmawan Wangsapurwacaraka



Gambar 3.5 Jilid Buku *Rucatan Budaya Bumi Sumedang*


Pangarang/Nu Nulis: WD. Dharmawan Wangsapurwacaraka

Taun Terbit: 1994, citakan kahiji Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Kabupaten Sumedang, Hanjuang Hegar.

Jumlah Kaca: 139 kaca

Warna Buku: héjo

3) **Idéntitas Buku *Sejarah Sumedang dari Masa ke Masa* karya Nina H. Lubis, spk.**



*Gambar 3.6 Jilid Buku *Sejarah Sumedang dari Masa ke Masa**


Pangarang/Nu Nulis: Nina H. Lubis, spk.

Taun Terbit: 2008, citakan kahiji Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Pemerintah Kabupaten Sumedang.

Jumlah Kaca: 388 kaca

Warna Buku: héjo

4) **Idéntitas Novel *Pangéran Kornél* karya R. Méméd Sastrahadiprawira**



*Gambar 3.7 Jilid Buku Novel Sajarah *Pangéran Kornél**

Pangarang/Nu Nulis: R. Méméd Sastrahadiprawira

Taun Terbit: 1930, citakan kahiji Balai Pustaka.

1986, citakan kadua Rahmat Cijulang.

2009, citakan katilu Kiblat Buku Utama.

2014, citakan kaopat Kiblat Buku Utama.

Jumlah Kaca: 151 kaca

Warna Buku: bodas

3.4.2.2 Tingkesan Carita Sajarah jeung Novel *Pangéran Kornél*

1) Tingkesan Carita Pangéran Kornél dina Buku *Sajarah Sumedang* karya

E. Kosmajadi

Dina ieu buku dipedar yén Kabupaten Sumedang kungsi dipingpin ku bupati panyelang nu jenenganana Patrakusumah. Waktu Patrakusumah kumawasa, Radén Jamu alias Pangéran Kornél téh kungsi ditikahkeun ka putrina, tapi sanajan kitu éta Patrakusumah téh angger mikaijid ka Pangéran Kornél, pédah Pangéran Kornél putrana Dalem Adipati Surianagara II anu bakal nuluykeun kapamingpinan bapana di Sumedang.

Satuluyna, dina ieu buku ogé dicaritakeun yén Radén Jamu dipiwarang angkat ngantunkeun Sumedang. Angkatna Radén Jamu/Pangéran Kornél téh nyaéta ka Cianjur, udaganana pikeun ménta tulung ka Radén Aria Wiratanudatar tina kajahatan Patrakusumah. Salila di perjalanan ka Cianjur, Radén Jamu dibarengan ku pengawalna anu satia, tuluy anjeunna nyamur jadi rahayat biasa. Satepina di Cianjur, Radén Jamu jadi buruh tani. Di satukangeun éta, anjeunna ogé nyiar élmu agama ti para Kiai, mikaresep kana olahraga, saperti tumpak kuda, moro uncal, jeung maénkeun pedang.

Kaahlian Radén Jamu téh lila-lila kapanggih ku rahayat Cianjur tur nepi béjana ka Dalem Aria Wiratanudatar. Antukna Radén Jamu dipiwarang ngadeuheus ka kabupatian. Salila di kabupatian, anjeunna dipentés wewesénna, diuji kaahlianana, tur dididik ku élmu pangaweruh. Dina ieu buku ogé dicaritakeun yén Radén Jamu téh pinter jeung calakan. Lian ti éta, disebutkeun ogé waktu di Cianjur Radén Jamu ditikahkeun ka putra kawalon Radén Rangga Gedé nu jeneng wadana di Cikalong Kulon, jenenganana Ny. Radén Lengang Kusumah.

Radén Jamu téh kapaké pisan kaparigelanana ku Kanjeng Dalem, nepi ka ahirna diangkat jadi Kepala Cutak (wadana), tur dipikawanoh ku sebutan Radén Surianagara III. Ti saprak harita, Radén Jamu ngudag deui cita-citana sangkan bisa

jeneng bupati di Sumedang. Sabada Radén Jamu diangkat jadi Kepala Cutak, posisi kapamingpinan di Sumedang téh kosong, Adipati Patrakusumah dipiceun ka Batawi. Antukna posisi kapamingpinan téh dibikeun deui ka Radén Jamu kalawan bantuan Radén Aria Wiratanudatar. Ngaran Radén Jamu dipikawanoh ku sebutan Radén Surianagara III, tur sabada diistrénan anjeunna disebut Adipati Kusumanegara/Pangéran Kusumadinata.

Waktu Kabupatén Sumedang dipingpin ku Radén Jamu, éta wilayah téh ngadak-ngadak maju, ku sabab kitu Radén Jamu dipaparin gelar pangéran, sarta dipaparin gelar kolonél balukar tina jasa dina ngamajukeun Sumedang téa. Ku kituna, nepi ka kiwari katelah ku sebutan Pangéran Kornél.

Dina ieu buku ogé dicaritakeun kaayaan Sumedang waktu katangan Jéndral Daendels anu boga proyék nyieun jalan ti Anyer nepi ka Panarukan. Kaayaan waktu Pangéran Kornél narima katangan éta Jéndral ogé dicaritakeun. Harita Pangéran Kornél narima leungeun Jéndral Daendels nu ngajak sasalaman, ku leungeunna anu kénca, nepi ka nyababkeun Si Jéndral gimir tur sérab ku sikep Pangéran Kornél. Balukar tina sipat jeung karakter wijaksana anu dipiboga ku Pangéran Kornél. Ahirna éta pangwangunan Jalan Raya Pos téh bisa diréngsékeun kalawan bantuan ti dua pihak (Walanda jeung rahayat Sumedang).

Dina ahir taun 1811, Jéndral Daendels ku Kaisar Napoleon ditarik deui ka Éropah, sabab harita Indonésia geus dikawasa ku Inggris (Raffles), tapi sanajan kitu proyék Jalan Raya Pos anu palebah Cadas Pangéran mah angger dianggeuskeun ku Pangéran Kornél jeung patihna. Ku kituna di Jalan Cadas Pangéran téh aya bukti sajarah dina wangun tulisan nu aya dina prasasti batu marmer, unina kieu.

"Dibobok tahun 1811 dari tanggal 26 Nopember sampai 12 Maret di bawah pimpinan Raden Demang Mangkoepraja dan pengawasan Pangeran Koesoemadinata".

Jalan Cadas Pangéran nepi ka kiwari kasohor, ieu jalan ogé dianggap pangéling-ngéling kana jasa Pangéran Kornél anu mikawelas ka rahayatna. Pangéran Kornél tilar dunya dina tanggal 29 Juli 1828, dimakamkeun di Gunung Ciung, Pasaréan Gedé Sumedang.

2) Tingkesan Carita Pangéran Kornél dina Buku *Rucatan Budaya Bumi Sumedang* karya WD. Dharmawan Wangsapurwacaraka

Dina ieu buku dicaritakeun yén Radén Jamu téh putrana Adipati Surianagara, tuluy nikah ka putra Bupati Tumenggung Patrakusumah, tapi imah-imahna teu lila, sabab diusir ku mitohana, éta hal disababkeun ku sipat licik nu aya di saurang demang. Éta demang téh sirik pidik, jail kaniaya ka Pangéran Kornél.

Pangéran Kornél ukur bisa sabar dina nandangan kahirupanana. Dina hiji waktu, anjeunna nepi ka Kalapanunggal bawahan Surawenang. Di éta tempat, Radén Jamu diangkat anak ku salasaurang warga, nya di dinya pisan Pangéran Kornél sumalindung tina kajahatan Patrakusumah jeung demangna. Pagawéan sapopoéna nyaéta nganyam bilik, sakapeung sok milu moro mencek ka leuweung. Hikmah tina moro téh nyaéta patepung jeung saurang kometir kopi ti Cianjur. Éta kometir kopi téh kataji ku kaparigelan jeung kapinteranana Radén Jamu, ceuk panyangkana éta jalma (Radén Jamu) téh lain jalma biasa-biasa, tapi turunan ménak. Ku kituna, Radén Jamu dibawa ku kometir kopi ka bupati Cianjur, Radén Aria Wiratanudatar IV.

Bupati Cianjur ogé kataji ku kaparigelan jeung kapinteranana Radén Jamu. Antukna Radén Jamu diangkat jadi girang serat (juru tulis) kopi. Sanggeus nyekel pacabakan anu matuh, ahirna Radén Jamu diperenahkeun di Ciajag, kurang leuwih 2 Km ti puseur dayeuh Cianjur.

Katekunan jeung kapinteran anu dipiboga ku Radén Jamu nyababkeun Bupati Cianjur beuki percaya tur beuki mindeng pagiling-gisik ngusikeun kanyaahna. Ngantengna hubungan pribadi jeung dinesna, ahirna mincut haté Nyi Mas Lenggang Kusumah (putri Bupati Cianjur) tur laksana ka balé nyungcung. Sabada Radén Aria Wiratanudatar IV kateuhak ku yuswa tur sawawa ngécagkeun kalungguhan, Radén Jamu dijenengkeun wadana di Cikalong, kalawan gelar Pangéran Surianagara III.

Patih Satjapati (patih Sumedang) ngusulkeun Surianagara III sangkan diangkat jadi bupati di Sumedang. Éta usulan téh ditarima ku Résidén Priangan, tur ahirna Radén Jamu jeneng bupati di Sumedang dumasar kana tinimbangan nyata nu ditandeskeun dina *Guitard R. 30 Desember 1791*.

"*dat Soerianagara als Tjoetaksooftd van Cikalong dit in zoo een schone staat heelf gebregt*".

Tarjamahan:

"yén Radén Surianagara pupuhu Cikalong geus mawa rahayatna kana tingkatan kamajuan. Sabada jeneng bupati, netep di Kadaleman Sumedang.

Dina ieu buku ogé dicaritakeun kaayaan, wates kakawasaan jeung wilayah Kabupaten Sumedang waktu dipingpin ku Pangéran Kornél. Satuluyna, proyék pangwangunan Jalan Raya Pos ogé dijelaskeun dina ieu buku. Pamungkas, dina ieu buku aya bukti sajarah anu mangrupa surat pujian ti Walanda keur ka Pangéran Kornél. Ahir caritana, Pangéran Kornél tilar dunya dina taun 1828, ngantunkeun putra-putrana, di antarana Radén Adipati Adiwijaya (Bupati Garut), Adipati Kusumayuda, jeung Nyi Radén Ajeng. Kakawasaanana diwariskeun ogé ka para putrana.

3) Tingkesan Carita Pangéran Kornél dina Buku *Sejarah Sumedang dari Masa ke Masa* karya Nina H. Lubis, spk.

Dina ieu buku dijelaskeun yén ngaran leutik Pangéran Surianagara nyaéta Radén Jamu. Anjeunna putra Adipati Surianagara, Bupati Sumedang taun 1761-1765. Ti leuleutik, Radén Jamu geus diajar hirup mandiri, sabab bapana tilar dunya. Kalungguhan bupati dipasrahkeun ka mamangna, nyaéta Radén Adipati Surialaga, tapi teu lila ti harita mamangna ogé tilar dunya. Waktu harita umur Pangéran Kornél kakara 11 taun, antukna kakawasaan di Sumedang téh digantikeun heula ku bupati panyelang ti Parakanmuncang, jenenganana Radén Adipati Tanubaya.

Waktu Adipati Tanubaya tilar dunya, kalungguhan bupati téh teu dipasrahkeun ka Pangéran Kornél, tapi malah dipasrahkeun ka anakna (sumber séjén aya nu nyebutkeun anak minantuna) nu ngaranna Tumenggung Patrakusumah, tur dilantik dumasar kana *besluit* tanggal 19 Juni 1775 kalawan gelar Radén Adipati Tanubaya II. Dina mangsa kapamingpinanana, Tanubaya II loba nyieun codéka, sabab aya saurang demang anu sok ngojok-ngojok kana kalicikan jeung kajahatan.

Dina ieu buku ogé dicaritakeun yén Bupati Tanubaya II alias Patrakusumah ngakuna jadi bupati téh kalawan rojongan ti opat umbul, padahal mah bohong. Saterusna, pikeun manjangkeun masa kapamingpinanana, Radén Jamu kungsi

ditikahkeun ka putrana, nu ngaranna Nyi Radén Raja Mirah (sumber séjén nyebutkeun ngaranna Radén Ayu Cancrakusumah).

Satuluyna, dina ieu buku ogé dipedar ngeunaan miangna Pangéran Kornél ngalalana ka Limbangan tur nepi ka Cianjur, sarta kungsi jeneng wadana Cikalong dina taun 1788.

Dina taun 1789, Bupati Tanubaya II dipecat tina kalungguhanana, tur ditahan di Patuakan, Batavia. Taun 1791, kumpeni ngagentraan Pangéran Kornél/Pangéran Surianagara pikeun diangkat jadi patih di Sumedang sarta jadi Kepala Cutak Rajapolah. Sawatara waktu ti éta, ahirna Radén Jamu/Pangéran Surianagara diangkat jadi bupati di Sumedang ngaliwatan *besluit* tanggal 30 Désémber 1791, sarta nyangking gelar ‘tumenggung’.

Radén Jamu téh kaasup bupati anu maréntah dina mangsa transisi ti VOC ka Hindia Walanda. Salila maréntah loba pisan kajadian anu tumiba, di antarana aya pangwangunan Jalan Raya Pos (*Grote Postweg*) nu dipingpin ku Jéndral Herman W. Daendels (1808-1811).

Dina ieu buku ogé dijelaskeun prosés pangwangunan éta jalan Cadas Pangéran téa. Tuluy dicaritakeun ogé kaayaan Sumedang salila dipingpin ku Radén Jamu. Awal taun 1818, R.T.A.A. Surianagara nyangking gelar ‘pangéran’. Satuluyna, nyangking lencana ‘Bintang Mas’ minangka layang pangajén kana usaha jeung jasa-jasana dina ngamajukeun Sumedang. Dina éta lencana ditulis "*Voor betoonde moed en trouw*" (*tanda keberanian dan kesetiaan yang diperlihatkan*).

Tanggal 29 Juli 1828, Pangéran Kornél tilar dunya tur dimakamkeun di Gunung Ciung, Pasaréan Gedé Sumedang. Pangéran Kornél miboga opat turunan:

- (1) Dalem Adipati Adiwijaya (diangkat jadi Bupati Parakanmuncang dina taun 1806-1813, tur dipindahkeun jadi Bupati Garut).
- (2) Dalem Adipati Kusumayuda/Dalem Ageung (diangkat nuluykeun kapamingpinan bapana di Sumedang).
- (3) Dalem Ayu Rajaningrat
- (4) Dalem Ayu Rajanagara

4) Tingkesan Novel *Pangéran Kornél* karya R. Méméd Sastrahadiprawira

Dina novel *Pangéran Kornél* karya R. Méméd Sastrahadiprawira dicaritakeun ngeunaan lalampahan hirup Radén Tumenggung Adipati Aria Surianagara, atawa

anu biasa dipikawanoh ku sebutan Radén Jamu/Pangéran Kornél. Dina éta novel dicaritakeun yén Radén Jamu atawa Pangéran Kornél téh ti leuleutik geus hirup mandiri, sabab ti leutik kénéh geus ditinggalkeun ku nu jadi kolotna, hususna ku bapana. Antukna nu mingpin Kabupatian téh adi bapana (mamangna), tapi teu lila ti éta mamangna ogé tilar dunya.

Sabada mamangna tilar dunya, nu mingpin Kabupatian Sumedang téh nyaéta Dalem ti Parakanmuncang. Jangjina mah ukur nyelang nepi ka Radén Jamu manjing sawawa, tapi buktina éta Bupati ti Parakanmuncang téh kangeungeunahan mingpin Sumedang, komo saprak aya Demang Dongkol (demang anu licik), éta bupati téh kalah beuki teu bener. Nepi ka ahirna Radén Jamu indit ti Sumedang, muru ka Limbangan, tuluy indit deui ka Cianjur. Waktu di Cianjur, Radén Jamu diangkat jadi Wadana (Kepala Cutak). Kacaritakeun Demang Dongkol téh aya nu maéhan, atuh bupati anu jadi panyelang di Sumedang ogé ahirna mah teu lana, tur digantikeun ku Radén Jamu.

Salila di Sumedang dipingpin ku Radén Jamu/Pangéran Kornél, éta kabupatén téh ngadak-ngadak maju, nepi ka waktu kedatangan Gupernur Jénderal Hindia Walanda Herman Willem Daendels ogé, Kabupatén Sumedang keur aya dina puncak kajayaanana. Proyék Jalan Raya Pos anu ngadoréksakeun masarakat, ahirna bisa diréngsékeun ku Pangéran Kornél jeung demangna, nu ngaranna Rd. Demang Mangkupradja, kalawan dibantuan ku Walanda.

Satuluyna, dina ieu novel ogé dicaritakeun ngeunaan perang Bantarjati anu ngalawan pasukan Bagus Rangin. Ahir carita ieu novel téh, Pangéran Kornél tilar dunya dina tanggal 29 Juli 1828. Kaayaan Sumedang waktu harita siga nu ngungun, pédah Bupati Pangéran Kornél anu gedé jasana keur Sumedang dipundut ku Nu Kawasa.

3.4.2.3 Biografi Pangarang

1) Biografi E. Kosmajadi



Gambar 3.8 E. Kosmajadi
(Sumber: Buku *Sajarah Sumedang*, 1994)

E. Kosmajadi, dilahirkeun di Sumedang tanggal 8 Maret 1954. Lulus ti SD taun 1968, tuluy asup ka PGAN 4 taun 1972, neruskeun deui ka PGAN 6 taun 1974. Lian ti éta, anjeunna ogé kungsi nyuprih élmu pangaweruh di Unsap Sumedang.

Mimiti resep kana nulis téh ti keur SD kénéh, tapi mimiti aktifna mah taun 1980 katompérnakeun. Tulisan anu mimiti dikarang téh nyaéta carita dongéng pidangkeuneun dina radio-radio non-RRI. Tepi ka kiwari geus kacatet aya 50 dongéng anu kungsi ditulisna. Dina carita dongéng mah, E. Kosmajadi téh sok dilandi 'Ki Leuksa'.

Judul-judul carita dongéng anu kungsi ditulisna, saperti "Pangbakti Hiji Monyét", "Kasarung ka Sayang Maung (Mang Itok)", "Si Kulup", "Jawara ti Kuburan", "Getih", "Martini Tanding Werejit", "Mustika Arca Emas", "Hayang Beunghar", "Dedemit Gunung Sanghyang (Si Toléng)", jrrd.

Dina taun 1984, E. Kosmajadi mimiti mancén gawé salaku guru SD. Lian ti jadi guru, anjeunna ogé kungsi jadi réporter Sunda Pos Giwangkara jeung nulis rupa-rupa kagiatan pendidikan dina rohangan Pustaka Mangsa. Buku anu diterbitkeun mimiti, nyaéta buku *Sajarah Sumedang*, satuluyna disusul ku buku-buku wawacan jeung kumpulan dongéng Sunda nu aya di Kabupaten Sumedang (Kosmajadi, 1994).

2) Biografi WD. Dharmawan Wangsapurwacaraka



Gambar 3.9 WD. Dharmawan Wangsapurwacaraka
(Sumber: Buku *Rucatan Budaya Bumi Sumedang*, 1994)

WD. Dharmawan Wangsapurwacaraka bin Us Adiwikarta, atawa nu sok dilandi Ki Wangsa, pikeun nu sok mikaresep kana sandiwara dina radio mah tangtu geus teu bireuk deui.

Ki Wangsa téh kalahiran Sumedang, 29 Agustus 1959. Anjeunna kungsi nyuprih élmu di IKI/ASTI-Bandung Jurusan Karawitan. Saméméh aub kana kagiatan tulis-tinulis, anjeunna kungsi ngajar di SLTA kalawan mata pelajaran anu diampuna nyaéta kasenian (seni musik, téater/drama). Mimiti naratas dunya tulis-tinulis téh nyaéta dina taun 1982, kalawan karya anu dihasilkeunna mangrupa carpon, artikel budaya, jrrd. Éta tulisan-tulisanana téh mindeng dimuat dina majalah *Manglé* jeung surat kabar.

Salian ti resep nulis kana carpon, artikel budaya, jeung carita sajarah séjénna. Anjeunna ogé sok nulis carita sandiwara radio dina basa Sunda, kalawan acara "Naratas Jalan Panjang" dina épisode "Getih Kanyeri", "Mellawati", "Suzanna Kasarad", "Dokter Nita", jsb. Éta sandiwara nu ditulis ku Ki Wangsa téh mindeng disiarkan dina 48 radio non-RRI di Jawa Barat. Panjang caritana 920 bagéan. Lian ti éta, anjeunna ogé kungsi nulis sandiwara radio basa Indonésia, kalawan jumlah anu kaitung réa nyaéta 160 bagéan.

Aktivitas séjénna, salian ti nulis nyaéta sok resep ngalatih para nonoman Kota Sumedang nu hayang teleb neuleuman élmu drama/téater, akting, nulis naskah carita panggung, skénario film, jsb. Katompérnakeun, anjeunna resep naratas dunya sinétron widang sutradara jeung nulis *script*.

Buku *Rucatan Budaya Bumi Sumedang* mangrupa buku basa Sunda *genre* sajarah jeung budaya anu mimiti ditulis ku anjeunna. Lian ti buku anu bieu, anjeunna ogé kungsi nulis buku *Etos Kerja dan Kohesi Sosial Masyarakat Sumedang* (Wangsapurwacaraka, 1994).

3) Biografi Nina H. Lubis




Gambar 3.10 Nina H. Lubis
(Sumber: [twitter.com @MajalahKartini](https://twitter.com/MajalahKartini))

Nina Herlina nyaéta wanoja Sunda munggaran anu nyangking gelar doktor sajarah di Jawa Barat. Anjeunna dilahirkeun di Bandung dina tanggal 8 Séptémber 1956. Saréngsena namatkeun sakola di SMUN 3 Bandung, anjeunna ditarima pikeun nuluykeun sakola di Fakultas Arsitektur, ITB. Éta hal téh mangrupa kaputusan anu nguciwakeun pikeun anjeunna, sabab pilihan kahijina nyaéta Fakultas Seni Rupa dan Desain, tapi teu katarima.

Di ITB, Nina ukur nyuprih élmu dua taun. Satuluyna, dina taun 1978 anjeunna asup ka Jurusan Sajarah Universitas Sumatera Utara (USU) Médan, tapi program S1-na diréngsékeun di Universitas Padjadjaran Bandung (1984). Judul panalungtikan skripsina nyaéta "Peranan Pangeran Aria Cirebon sebagai Perantara Kompeni dengan para Bupati Priangan pada Awal Abad ke-18". Minatna kana widang sajarah geus ngadarahdaging, anjeunna leukeun dina maluruh hal-hal anu patali jeung sajarah. Taun 1990, anjeunna ngaréngsékeun S2 di Universitas Gadjah Mada (UGM) Yogyakarta, kalawan judul tésis "Bupati R.A.A. Martanegara: Studi Kasus Elite Birokrasi Pribumi di Kabupaten Bandung (1893-1918)". Waktu S2, Nina ogé kungsi nyangking prédikat lulusan terbaik.

Studi kasajarahana teu ukur nepi ka S2. Waktu sakola S3, anjeunna ogé masih kénéh ngulik ngeunaan kasajarahana kalawan disertasi anu patali jeung kaum ménak Priangan. Hasil disertasina, jadi bukti anu nuduhkeun yén anjeunna lulus salaku doktor wanoja Sunda munggaran jeung pang-ngorana anu medar ngeunaan sajarah. Pakasaban Nina H. Lubis kiwari nyaéta salaku dosén sajarah di Universitas Padjadjaran, Jatinangor Sumedang sarta nyangking jabatan salaku guru besar widang sajarah (Lubis, 1998, kc. 411).

4) Biografi R. Méméd Sastrahadiprawira



Gambar 3.11 R. Méméd Sastrahadiprawira
(Sumber: twitter.com @kangope)

Radén Méméd Sastrahadiprawira dipikawanoh salaku pangarang kasusastraan Sunda anu turunan ménak jeung kungsi sakola di sakola husus pikeun bangsawan jeung ménak. Radén Méméd Sastrahadiprawira téh kalahiran Manonjaya, Tasikmalaya, dina tanggal 18 Maret 1897. Anjeunna ngantunkeun di Bandung, dina tanggal 5 Juli 1932.

Riwayat atikanana, R. Méméd Sastrahadiprawira kungsi sakola di HIS (*Hollandsche Inlandsche School*). Éta lembaga téh mangrupa sakola pikeun bangsawan jeung jalma beunghar. Lian ti éta, R. Méméd ogé kungsi sakola di OSVIA (*Opleiding School voor Inlandsche Ambtenaren*), nyaéta sakola husus pikeun ménak (Ruhaliah, 2019, kc. 101).

Dina taun 1919, R. Méméd Sastrahadiprawira diangkat jadi *Gouvernements Ambtenaar voor Inlandsche Bestuur* (GAIB), mantuan Wadana Ciranjang, Garut. Taun 1921, anjeunna diangkat jadi asistén Bupati Bandung, tur kungsi jadi Mantri Pulisi di sababaraha tempat dina taun 1922. Dina taun 1925 jadi Camat Bojongloa,

taun 1926 jadi Camat di Kabupatén Bandung. Waktu R. Méméd ngajabat jadi Camat di Kabupatén Bandung, anjeunna kungsi nuliskeun *Lalakon Kanjeng Dalem Bandung Angkat Jarah ka Mekah* pikeun nohonan kapalay Bupati Bandung Radén Adipati Aria Wiranatakoesoema. Saterusna, dina taun 2011 éta buku anu ditulis ku R. Méméd téh diterbitkeun ulang jadi carita nyambung anu aya dina Majalah Mingguan basa Sunda *Manglé* (Ruhaliah, 2019, kc. 102).

Taun 1928, R. Méméd Sastrahadiprawira pindah gawéna ka Balai Pustaka. Mimitina mah, R. Méméd téh jadi panulis utama (*hoofdredacteur 1 klas*), satuluyna jadi ahli basa (*adjunct taalkundige*), nu mangrupa jabatan pangluhurna di Balai Pustaka pikeun pagawé nu lain akademisi (Ruhaliah, 2019, kc. 102). Radén Méméd Sastrahadiprawira dipikawanoh salaku sastrawan anu réa nulis dina kasusastraan Sunda, Indonésia, jeung Walanda. Lian ti éta, karya-karya R. Méméd ogé aya anu mangrupa tarjamahan, jeung aya anu dimuat dina majalah *Jawa*, *Panji Pustaka*, *Parahiangan*, *Pusaka Sunda*, jeung *Volksalmanak*. Ieu di handap ditataan karya-karya R. Méméd Sastrahadiprawira.

- (1) *Dongéng Palukna*, (ditulis babarengan jeung D.K. Ardiwinata);
- (2) *Endén Saribanon* (wawacan), diterbitkeun taun 1923 ku MI Prawirawinata;
- (3) Gending Karesmén "Babad Cikundul" (1927);
- (4) *Déwi Sawitri* (1923),
- (5) *Mantri Jero* (1928),
- (6) *Ékalaya Palastra* (1930),
- (7) *Luluhur Pandawa* (1930),
- (8) *Pandawa Jajaka* (1930),
- (9) *Pandawa Papa* (1930),
- (10) *Pandawa Ngadeg Raja* (1930),
- (11) *Pandawa Diperdaya* (1931),
- (12) *Pangéran Kornél* (1930),
- (13) *Tresnaséna jeung Nyi Putri Sedihasih* (1931),
- (14) *Pandawa Kasangsara* (1932),
- (15) *Pandawa Nagih Jangji* (1932),
- (16) *Anis Aljalis* (1932),

(17) *Lalakon Kanjeng Dalem Bupati Bandung Angkat Jarah ka Mekah* (Bandung, Vorkink, 1926), jeung

(18) *Jodo Pakokolot* (MI Prawirawinata).

Karya-karya R. Méméd anu bieu ditataan téh umumna diterbitkeun ku Balai Pustaka (iwal no 2, 17, jeung 18) (Ruhaliah, 2019, kc. 102-103). Saterusna, lian ti karya anu bieu ditataan R. Méméd ogé kungsi narjamahkeun sawatara karangan Haji Hasan Mustapa.